



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 16 me 2014

GOUVÈNÈ CUOMO AKEYI AFILYE AHL CALGARY FLAMES NAN GLENS FALLS

Hockey Pwofesyonèl pou retounen nan Civic Center; finansman Eta pran anchaj renovasyon Civic Center Vil la pou atire nouvo franchiz Lig Ameriken Hockey nan British Columbia, Canada

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te akeyi Lig Hockey Ameriken Calgary Flame (AHL) ekip afilye a Glens Falls ak nouvo kay li, Civic Center a. Konsèy Gouvènè Lig Ameriken Hockey te apwouve relokasyon franchiz ki posede pa Flames nan Abbotsford, B.C., a Glens Falls, New York, kòmanse avèk sezon 2014-15.

“Nou te wè vil yo nan Eta— soti nan Rochester ak Syracuse a Utica – fason yon lig hockey minè afilye kapab pote nouvo enèji, eksitasyon, ak travay nan kominote lokal yo. Eta New York kontan ke Calgary Flames te chwazi Glens Falls kòm kay pou afilye AHL yo,” Gouvènè Cuomo te deklare. “New York te vini yon lidè nasyonal nan Hockey, avèk de ekip ki soti nan eta – Union College ak Clarkson University – asire pi bon twofe chanpyona kolèj ane sa a, e Rangers New York aktyèlman nan mitan yon seri eliminatwa pasyonan Koup Stanley. Mwen akeyi Flames la nan Eta New York, konplimante Majistra Diamond ak Manadjè Jeneral Treliving nan akonplisman sa a, e mwen swete ekip la pi bon chans sou glas la.”

Manadjè Jeneral Calgary Flames Brad Treliving te deklare, “Calgary Flames angaje pou delvope jwè yo nan Lig Ameriken Hockey, e li antouzyasme nan lide pou pase nan yon mache hockey ki gen matirite tankou Glens Falls ki merite pou rete yon mache AHL. Istwa ak tradisyon franchiz Flames remonte nan nesans ekip la kòm Atlanta Flames e nou fyè pou peye tribi egalman a istwa nou avèk entwodiksyon yon nouvo vèsyon Flam nan “A” la nan Adirondack. Nap rete tann pou n bati sou istwa rich hockey Glens Falls.”

Yo pral fè reparasyon nan Civic Center pou satisfè estanda pwofesyonèl hockey pandan lap apwouve ak rann Civic Center a pi konpetitiv pou lòt divètisman rejyonal tankou konsè, fwa komèsyal, ak lòt aktivite spòtif, ede pou estimile aktivite ekonomik nan anba lavil Glens Falls. 1^{ve} faz renovasyon an gen ladan mizajou teknoloji pou Sant lan, enkli ranfòsman wi-fi nan etablisman an ak sal konferans lan, miza nivo siyalizasyon eksteryè a, siyalizasyon elektwonik nan sant lan, ak videyo. Travay renovasyon ak relokalizasyon ekip la pral lakoz 45 djòb ak apeprè 40 travay konstriksyon. 2^{yèm} Faz pwojè a ap gen ladan renovasyon nan ekip vestyè yo, sal egzèsis pou pran pwa, biwo, ak elektrisite ak mizajou ekleraj nan

Haitian Creole

teren an.

Majistra Glens Falls John “Jack” Diamond te deklare, “Glens Falls kontan pou l òganize Calgary Flames ak pote hockey retounen nan gran vil nou an. Pandan nap avanse avèk renovasyon enpòtan nan Civic Center an, nou pral asire ke Glens Falls rete yon destinasyon pou fanatik hockey ak vizitè yo, sa ki pral bay anretou yon ogmantasyon ekonomik pou biznis anba lavil nou an. Nou akeyi Flames e nap rete tann premye wondèl pou depoze otòn sa a.”

Pou ede avèk renovasyon an nan Civic Center pou atraksyon yon nouvo franchiz AHL ak lòt aktivite spesyal, Vil Glens Falls te atribye \$675,000 dola nan wonn 3 nan Devlopman Empire State atravè Konsèy Devlopman Ekonomik Capital Region. Eta New York pral travay avèk Vil Glens Falls pou sipòte pwojè a pou ale delavan.

Prezidan Devlopman Empire State, PDG & Komisyone Kenneth Adams te deklare, “Pou anpil deseni glas hockey te inestimab pou kominote Glens Falls. Eta te rekonèt enpòtans envesti nan yon Civic Center amelyore pou ede vil la kontinye tradisyon long li kòm yon vil lig minè hockey. Nou salye avèk antouzyas òganizasyon Calgary Flames nan Vi Glens Falls e nap rejwi a relans ekonomik ak foul vizitè yo pral pote la nan sezon sa kap vini an.”

“Calgary Flames te chwazi yon kay ki espesyal anpil nan Glens Falls e mwen rejwenn ansanm avèk anpil fanatik eksite nan akeyi yo,” te deklare Senatè Betty Little, yon detantè tikè sezon AHL. “Planfiye pou mete ajou Civic Center a se te yon eleman kle nan jwenn yon akò avèk ekip la, e amelyorasyon sa yo pral egalman ede atire espektak ak aktivite pou anpil ane kap vini. Mwen kontan anpil pou m travay avèk Cuomo ak Vil Glens Falls ke nou te kapab rann li posib.”

“Li se yon gwo jou pou Vil Glens Falls. Hockey se yon pati entegral nan istwa Glens Falls e li gen yon tradisyon long dat nan kominote a,” Manm Asanble Dan Stec. “Finansman ki te bay pa Eta pou renovasyon Civic Center a pral benefisyè tout kominote a ak asire yon avni briyan pou hockey nan vil Glens Falls.”

Kòporasyon Devlopman Ekonomik Konte Warren Prezidan Edward Bartholomew te deklare, “Vil Glens Falls te travay di pou pote yon ekip hockey retounen nan kominote a, e renovasyon nan Civic Center an te yon pati entegral nan efò sa. Nou remèsye Eta New York pou patenarya l ak fanatik lwayal hockey li yo pou sipò kontinyèl ak patisipasyon yo. Nap rete tann nouvo chapit istwa hockey Glens Falls.”

Glens Falls te lakay aksyon Lig Ameriken Hockey pou 25 sezon avèk Adirondack Red Wings—Detroit Red Wings AHL pwogram afilye—kaptire kat tit koup Calder ant 1979 ak 1999. Philadelphia Flyers (fantòm Adirondack) te egalman rele kay Glens Falls soti nan ane 2009 pou rive jiska sezon 2013-2014. Civic Center a gen yon istwa long pou òganize hockey ak lòt aktivite espòtif, sa ki gen ladan chanpyona baskètbòl Eta New York ak tounwa federasyon, epi sèvi takou yon gwo lokal pou konsè.

Enfòmasyon sou Inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (REDC) se yon eleman enpòtan nan

Haitian Creole

apwòch transfòmasyon Gouvènè Cuomo nan investisman ak devlopman ekonomik Eta. Nan ane 2011, Gouvènè Cuomo te kreye 10 Konsèy Rejyonal pou devlope plan estratejik alontèm pou kwasans ekonomik pou rejyon yo. Konsèy yo se patenarya piblik-prive ki fòme avèk espè lokal ak moun ki konsènen ki nan biznis, akademi, gouvènman lokal ak òganizasyon ki pa nan gouvènman. Konsèy Rejyonal yo te re-defini fason New York investi nan djòb ak kwasans ekonomik lè yo mete anplas yon apwòch kominotè anba-anwo epi lè yo kreye yon pwosesis konpetitif pou resous Eta a. Apre twa wonn nan pwosesis REDC a, yo te bay plis pase \$2 bilyon pou kreye djòb e pwojè devlopman kominote ki konsistan ak plan estratejik chak rejyon, ki gen kòm rezilta kreyasyon oswa konsèvasyon plis pase 100,000 djòb toupatou nan eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou konsèy rejyonal yo, tanpri ale sou sitwèb www.regionalcouncils.ny.gov.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418